

Pran Vaksen pou COVID-19 la

Kesyon komen yo reponn ak lòt enfòmasyon enpòtan konsènan vaksen COVID-19 la.

1) Èske mwen bezwen mete yon mask aprè mwen fin resevwa vaksen an?

Wi! Kontinye mete mask ak pratike distans sosyal!

2) Èske mwen vin iminize osito mwen fin resevwa vaksen an? Èske mwen ka toujou trape COVID-19?

Après ou fin resevwa toude vaksen yo, ou ta dwe devlope iminite nan anviwon youn jiska de semèn. Sepandan, li posib pou enfekte ak COVID-19 anvan oswa jis après vaksinasyon an epi apres a ou vin tonbe malad paske vaksen an pa te jwenn ase tan pou bay pwoteksyon.

3) Èske mwen ka trape COVID-19 apati vaksen an?

Non! Pa genyen okenn viris vivan nan vaksen COVID-19 la.

4) Èske yon sèl dòz pa ase?

Non. Pou vaksen ki aktyèlman disponib yo, yo egzije de dòz pou vaksen an fonksyone pi byen. Pran dezyèm dòz la nan moman ki planifye pou sa a, menm si ou te genyen efè segondè lejè après premye dòz la, sof si founisè swen sante w la konseye w pou pa pran dezyèm enjeksyon an.

5) Yo te devlope vaksen COVID-19 la byen vit. Èske yo pa an sekirite?

Yo pa te sote okenn etap sekirite lè yo t ap devlope vaksen COVID-19 yo. Vrè prèv monn reyèl la montre tou ke yo trè an sekirite!

6) Èske vaksen an ka swiv mwen?

Non. Pa genyen okenn teknoloji pou swiv moun nan vaksen an.

7) Èske vaksen an chanje ADN mwen?

Non! Li montre selil ou yo kijan pou rekonèt viris la epi konbat li, men li pa fè enpak sou pati nan selil nou yo kote ADN nan ye a.

8) Èske vaksen an ka rann mwen esteril?

Non, li pa ka rann okenn moun esteril.

9) Si mwen alèji ak ze, èske mwen ka pran vaksen COVID-19 la?

Wi, ou ka pran vaksen COVID-19 ki disponib pou kounyeya.

10) Èske vaksen an ka ban m VIH?

Non. Sepandan, si ou genyen VIH sa vle di ou genyen gwo risk pou konplikasyon de COVID-19, epi lè ou pran vaksen an sa ka redwi risk sa a.



Efè segondè komen

Vaksen pou COVID-19 la ede pwoteje tèt ou kont maladi COVID-19 la. Ou kapab fè fas ak efè segondè lejè après ou fin resevwa l. Sa nòmal epi li endike ke vaksen an ap ede kò w konstwi iminite kont COVID-19.

- Frison
- Dyare
- Fatig
- Lafyè
- Maltèt
- Doulè nan misk ak/oswa nan jwenti
- Woujè, anflamasyon ak/oswa doulè nan sit enjeksyon an
- Vomisman

Tous, souf kout, nouvo pèt gou oswa odè, doulè nan gòj, konjesyon oswa nen k ap koule se pa sentòm yo prevwa pou vaksen an. Yo rekòmande tès pou COVID-19 la menm si sentòm sa yo fè aparisyon nan 48 èdtan après vaksinasyon an.

Fo Kwayans sou Vaksen COVID-19 la

Kesyon komen ak kesyon sou fo kwayans yo reponn konsènan vaksen COVID-19 la.

1) Èske mwen bezwen mete yon mask aprè mwen fin resevwa vaksen an?

Wi! Kontinye mete mask ak pratike distans sosyal!

2) Èske mwen vin iminize osito mwen fin resevwa vaksen an? Èske mwen ka toujou trape COVID-19?

Aprè ou fin resevwa toude vaksen yo, ou ta dwe devlope iminite nan anviwon youn jiska de semèn. Sepandan, li posib pou enfekte ak COVID-19 anvan oswa jis aprè vaksasyon an epi apres a ou vin tonbe malad paske vaksen an pa te jwenn ase tan pou bay pwoteksyon.

3) Èske mwen ka trape COVID-19 apati vaksen an?

Non! Pa genyen okenn viris vivan nan vaksen COVID-19 la.

4) Èske yon sèl dòz pa ase?

Non. Pou vaksen ki aktyèlman disponib yo, yo egzije de dòz pou vaksen an fonksyone pi byen. Pran dezyèm dòz la nan moman ki planifye pou sa a, menm si ou te genyen efè segondè lejè aprè premye dòz la, sof si founisè swen sante w la konseye w pou pa pran dezyèm enjeksyon an.

5) Yo te devlope vaksen COVID-19 la byen vit. Èske yo pa an sekirite?

Yo pa te sote okenn etap sekirite lè yo t ap devlope vaksen COVID-19 yo. Vrè prèv monn reyèl la montre tou ke yo trè an sekirite!

6) Èske vaksen an ka swiv mwen?

Non. Pa genyen okenn teknoloji pou swiv moun nan vaksen an.

7) Èske vaksen an chanje ADN mwen?

Non! Li montre selil ou yo kijan pou rekonèt viris la epi konbat li, men li pa fè enpak sou pati nan selil nou yo kote ADN nan ye a.

8) Èske vaksen an ka rann mwen esteril?

Non, li pa ka rann okenn moun esteril.

9) Si mwen alèji ak ze, èske mwen ka pran vaksen COVID-19 la?

Wi, ou ka pran vaksen COVID-19 ki disponib pou kounyeya.

10) Èske vaksen an ka ban m VIH?

Non. Sepandan, si ou genyen VIH sa vle di ou genyen gwo risk pou konplikasyon de COVID-19, epi lè ou pran vaksen an sa ka redwi risk sa a.

